



Pou Piblikasyon Imedya: 10/03/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DISPONIBILITE ASISTANS ADISYONÈL POU CHOFAJ KAY

Yap aksepte aplikasyon pou HEAP jiska 27 mas

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke moun yo ki andanje pou yo manke gaz chofaj oswa pou sèvis piblik yo koupe ka aplike kounye a pou yon dezyèm benefis ijans atravè Pwogram Asistans Enèji pou Kay [Home Energy Assistance Program (HEAP)]. Asistans adisyonèl la te disponib an previzyon a tanperati ivè pwolonje a e eta te resevwa finansman federal adisyonèl.

“Move tan ekstrèm ane sa a te kite anpil fanmi an difikilte pou peye fakti chofaj yo— men yon dezyèm seri asistans ijans pral ede moun yo rete cho ak ansekirite jiska nan fen sezon an,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Finansman sipleman tè sa a pral yon fòm sipò enpòtan pou fanmi yo toupatou nan eta, e mwen ankouraje nenpòt moun ki ka bezwen èd pou peye fakti chofaj yo pou kontakte nou jodia.”

Anjeneral, kay ki kalifye yo ka resevwa yon benefis regilye HEAP pa sezon e yo ka kalifye tou pou yon sèl benefis ijans HEAP si yo nan yon sitiyasyon ijans enèji. Kay yo ki deja resevwa yon benefis regilye ak yon benefis ijans kapab aplike kounye a pou yon dezyèm benefis ijans si yo nan yon sitiyasyon kriz. Aplikasyon pou benefis regilye HEAP ak ijans pral aksepte jiska vandredi 27 mas.

Komisyone Egzekitif Adjwen Biwo Asistans Tanporè ak Andikap Sharon Devine te deklare, “Yon lòt ivè difisil te fè ravaj nan bidjè kay yo e nou te tande de patnè lokal nou yo ke moun aje ak granmoun yo te patikilyèman frape pi di. Li enpòtan ke kay yo kap andire yon sitiyasyon ijans konnen ke èd toujou disponib men yo bezwen pou kontakte depatman sèvis sosyal lokal yo pou aplike.”

HEAP gen 100 pousan finansman federal e Eta New York te resevwa yon total \$377 milyon nan finansman federal HEAP pou sezon 2014-15 lan, enkli yon debousman nan fen ivè a pou \$33.3 milyon. Montan lajan pou benefis ijans varye selon ijans lan, jiska \$575 maksimòm.

Elijibilite a varye baze sou revni ak gwosè kay la. Pou sezon 2014-15 lan, yon fanmi ki

gen kat moun kapab touche jiska \$50,629 pa ane, oswa \$4,219 pa mwa, e yo ka toujou kalifye pou asistans lan.

Depite Nita Lowey te deklare, “Okenn moun pa dwe rete nan fredri a. Mwen kontan dèske lajan federal sila yo disponib pou fanmi ki nan bezwen yo, e mwen pral kontinye travay avèk Gouvènè a pou asire ke kay yo nan Lower Hudson Valley rete cho nan ivè difisil sa.”

Depite Eliot Engel te deklare, “Ivè sa a te patikilyèman brital, e moun yo ki andanje pou yo pa gen gaz chofaj nan yon sitiasyon dezespere. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te inisye dezyèm benefis ijans lan atravè Pwogram Home Energy Assistance (HEAP) pou kay ki elijib yo, kòm li pral fè yon gwo diferans pou Nouyòkè ki reyèlman bezwen èd.”

Depite Paul Tonko te deklare, “Pandan sezon fredri ekstrèm ak nèj lan, anpil fanmi Nouyòk ap fè fas avèk desizyon enposib ant peye pou chofaj oswa peye pou lòt bagay esansyèl yo tankou medikaman, manje, oswa rad. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li rekonèt bezwen ijan nan Capital Region ak toupatou nan eta nou an. Desizyon pou elaji pwogram sa a jiska nan dènye semèn ivè yo pral rann lavi a yon ti jan pi fasil pou pifò manm vilnerab yo nan kominote nou an, pèmèt yo chofe kay yo san yo pa sote bezwen ki pi fondamantal yo.”

Jiska prezan nan ivè sa a, yo te emèt yon total preske 1.4 milyon benefis HEAP, enkli plis pase 75,000 benefis ijans HEAP.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Asistans Enèji nan Kay, tanpri rele liy telefòn dirèk nan 1-800-342-3009, oswa vizite <http://otda.ny.gov/programs/heap/>. Nouyòkè yo ka jwenn kontak enfòmasyon pou depatman sèvis sosyal konte yo nan <http://otda.ny.gov/programs/heap/HEAP-contacts.pdf>.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418